

ULANGAN BAHASA SUNDA TEMA 7



Nama : _____
Kelas, No : _____ / _____
Hari, tanggal : _____



nilai

ttot

Naék déلمان



Poé Ahad Ica hudang isuk kénéh. Sabab manéhna inget poé éta geus boga jangji rék naék déلمان jeung Nindi anu mulang ti kota. Tujuanana rék ka Curug emod. Sanggeus mandi jeung sarapan Ica pamitan ka indungna, tuluy gura-giru rék nyampeur Nindi diimahna.

Nindi keur diuk di tepas nungguan Ica. Ninggali ringkang Ica ti kajauhan, belenyéh manéhna imut bungah, nempo sobatna geus datang téh. Nindi jeung Ica pamitan ka indungna Nindi. Maranéhna leumpang di sisi jalan megat déلمان anu liwat. Teu kungsi lila nungguan, torojol déلمان Mang Adang ngaliwat. Keclak, Ica jeung Nindi tumpak rék nuju ka Curug emod.

Ari déلمان téh nyaéta kandaraan anu di tarik ku kuda, anu ngendalikeunna di sebut kusir. Kusir mah kudu tapis nyekel tali lais sangkan kuda bisa lempeng leumpangna, mengkol ka kénca jeung ka katuhu, atawa lumpat rada tarik. Kadang-kadang kuda di ceprét maké pecut lamun teu nurut. Resep pisan tumpak déلمان téh, sabab dikota mah geus eweuh kandaraan hémat énergi sarupa déلمان. Nu matak Nindi resep naék déلمان téh.

(Karya: Ambu 2019)

A. JAWAB IEU PANANYA DIHANDAP SALUYU JEUNG BACAAN!

1. Disebut naon ari tukang ngendalikeun déلمان téh?

2. Rék indit ka mana Ica jeung Nindi?

3. Naon sababna déلمان disebut kandaraan hémat énergi?

4. Kalakuan hade kumaha anu dilakukaeun Ica jeung Nindi téh?

5. Naon sababna kusir kudu tapis nyekel tali lais?

B. PILIH JAWABAN NU PANGBENERNA!

6.



Nagara anu maké ... sumber énergina nyaéta Walanda.

- A. kincir angin
 - B. turbin
 - C. Kipas
7. Ngeusi bénsin kudu di
- A. pom bénsin
 - B. supermarket
 - C. warung
8. Sumber énérgi mahluk hirup tina
- A. minyak
 - B. bensin
 - C. kadaharan
9. Anu dimaksud énérgi atawa tanaga nyaéta ...
- A. Daya atawa kakuatan pikeun ngalakukeun pagawéan sapopoé.
 - B. Cai bisa jadi listrik anu asalna tina bendungan.
 - C. Kakuatan anu hébat.

10.



Kalimah anu saluyu jeung gambar di gigir nyaeta ...

- A. Sumber energi panas nyaeta surya
 - B. Fanel surya tanaga listrik
 - C. Nyaangkeun lampu ulah ti beurang!
11. Tong hayang nu mahal meuli sapatu téh. Geus waé nu _____ asal pantes dipakéna.
Kecap sabalikna mahal nyaeta ...
- A. Murah
 - B. Lila
 - C. Caang
12. Ditempo keur di luhur mah kapal terbang téh jiga leutik. Tapi ari geus di _____ mah geuning gedé, nya.
Kecap sabalikna luhur nyaeta ...
- A. Pendek
 - B. Handap
 - C. Turun

13. Lampu ulah sina terus hurung ari geus teu dipaké mah. Kecap sabalikna hurung nyaeta ...
- A. Parem
 - B. Poek
 - C. Sarua
14. Urang kudu rikrik kana duit ku cara nabung. Kecap sabalikna rikrik nyaeta ...
- A. Hemat
 - B. Hambur
 - C. Beak
15. Kitu nu sok remen kajadian, lamun lalajo acara televisi peuting-peuting. Kecap sabalikna remen nyaeta ...
- A. Hareudang
 - B. Ngurangan
 - C. Langka

B. URAIAN

16. Jieun kalimah make kecap
Rikrik gemi

Kolecer

Dipieling

17. Jieun kalimah saluyu jeung gambar, minimal 3 kalimah!



18. Jieun kalimah saluyu jeung gambar, minimal 3 kalimah!



A large, empty, light green rounded rectangle intended for writing the answer to the question.